

DWA IMIGRAN YO

“Peyi sa-a grandi e prospere nan yon klima ki tout tant ap rafrechi ak introdiksyon nan fason espri avanti ki toujou anvi kite sekirite e predi de sa ke yo te konnen sou tè yo e lidè yo kap kòmande ak espwa pou tout dwa egalite ak opòtinite sou fontyè yo. – Jij Federal Jack B. Weinstein nan ka Mojica v. Reno (1997)

Depi ke peyi sa-a te fonde, plis ke 55 milyon imigran ki soti nan tout kontinan vini rete nan peyi Etazini. En realite, avèk eksepsyon ak premie Ameriken yoki fèt sou tè-a, tout lòt moun k- ap viv nan peyi Etazini se swa yo se yon imigran oubyen desandan yon imigran volontè ou involontè. En depi de sa, chak gwoup imigran ki rantre isit fè fas a agresyon ak la perèz espesyalman lè gen pwoblèm ekonomik,, politik, oubyen lè gen la gè.

- Pandan tan depresyon an nan lane 1840, zenglendo ki pat vle wè imigran peyi Katolik Irish be boule rapye tè yon kouvan ki te nan Boston epi fè manifestasyon nan vil Philadelphie.
- An 1882, Kongrè peyi Etazini te pase lwa “Eksklizyon pèp Chinoua” yon nan premye lwa imigrasyon, se te pou mete deyò tout moun ki gen orijin Chinwa.
- Pandan “Red Scare” (pè rouj) ane 1920 an, konbyen milye moun ki fèt nan lòt peyi ke Ameriken te arete e maltrete sèlman a koz de pozisyon politik radikal yo. Anpil nan yo te depòte san chans pou pase devan jij.
- An 1942, 120,000 moun orijin peyi Japon ki te fèt nan peyi Etazini, te gen kay yo ak tout sa yo te posede sezi epi yo fèmen yo nan yon kan jiskaske dezyèm gè mondyal la te fini. Pandan menm peryod sa, anpil Jwif ki tap kouri kite peyi Almay te depòte anba lwa 1920 an.
- Nan lane 1950 yo, yon program gouvènman te lage nan kò Meksiken yo pou depòte yo.

Sityiasyon an jodia pa tèlman diferan de sa ane avan yo. Ankouraje pa ekstremis anti-imigran, e baze lajan sou istwa konsènan efè imigrasyon genyen sou ekonomi peyi-a, gwo mouvman malonèt ke mouvman ke gwou ki kont imigran yo ap chache pou diminwe dwa ke anpil moun kap viv Ozetazini. An 1994, Moun nan Kalifònia te vote “Pwopozisyon 187” ki refize anpil sèvis a moun ke yo sispèk ki pa sitwayen Ameriken osinon ki pa gen kat rezidans yo, sèvis tankou Edikasyon, sante, e sèvis sosyal. An 1996, Prezidan Clinton syien lwa sou “Responsablite Pèsonèl Rekonsilyasyon Ak 1996 (Nouvo lwa wèlfè) ki retire yon bon kantite benefis federal sou moun ki san papye ak tout lòt imigran ki gen papye imigrasyon, nan benefis sa-a yo gen food stamp, SSI (lajan leta pou granmoun ak andikape) (SSI benefis la te vin retabli apre, men sèlman pou imigran ki te rantre nan peyi isit avan mwa Out 1996, menm jou lwa sa-a vin antre an aplikasyon). Menm ane sa lwa imigrasyon “Illegal Immigration Reform and Immigrant Responsibility Act (IIRIRA) te pase e rantre an aplikasyon tou pou anpeche imigran diskite nan tribinal tout move tretman ak tout vyie lwa tèt anba ke biwo Imigrasyon e Natiralizasyon ap fè.

Se vre ke konstitisyon an pa bay moun ki pa sitwayen Ameriken dwa pou antre nan peyi Etazini, men yon fwa ke yo gen tan sou tè-a, li pwoteje yo de tout kalite diskriminasyon ki baze sou ras, orijin, e tout kalite move tretman ke yo ta ka resevwa nan men gouvènman.. Imigran yo travay e peye taks; Imigran ki gen bon papye imigrasyon ka sijè pou chwazi yo al nan zafè militè. Anpil imigran ap viv nan peyi etazini pou anpil lane, yo marye ak sitwayen Ameriken, fè edikasyon pitit yo sou tè -a. Lwa ki pini yo viole dwa fondamantal yo pou resevwa tretman ki jis e egal. Pwojè Dwa Imigran ke ACLU te etabli an 1985 la se te pou kontrekare lwa ak travay konstitisyon, e diskite istwa sa yo ke anpil nan lwa sa yo baze. Pwojè sa vin devni nan peyi Etazini youn nan pi gwa pwojè kap goumen pou dwa imigran, refije ak tout moun ki pa sitwayen Ameriken.

IMIGRASYON: ISTWA OU VERITE

Istwa: Bó Fontyè Ameriken Pa Gen Kontról:

Verite: Anpil nan opinyon ke moun ki pa vle imigran yo antre nan peyi a baze sou le fè ke anpil imigran ki ilegal ap anvayi fontyè a. An realite, pi fò imigran ki antre nan peyi-a antre legalman anba strik standa ke Ak Imigrasyon ak Natiralizasyon inpoze. Ak sa-a pèmèt pi plis ke 800,000 moun rete isit chak ane ak bon papye imigrasyon ke preske 480,000 nan yo te antre pou reyini avèk madanm, pitit, paran ak fanmy; a pe prè 140,000 antre pou vin fè kalite travay ke depatman travay pa ka jwenn moun nan peyi isit pou fè. Prè de 110,000 refije ki ka pwouve ke yo gen bon pwoblèm politik nan peyi oubyen pèsekisyon a koz de relijyon; e a pre prè 55,000 lòt ke yo pèmèt antre sou “divèsite lotry visa, ki te kòmanse an 1990, ke ti jèn Ewopeyen ak Afriken plis benefisyè.

Li inposib pou di ak presizyon konbyen imigran ki vini abite nan peyi Etazini san pèmision, men nou gen prè ke kantite ke òganizasyon ak politisyen ki pa vle wè imigran yo bay ekzajere. Pandan period eleksyon pou presidan, Patrick Buchanan te di ke kantite pèp Meksiken ki pa gen papye nan peyi Etazini ap gwosi pa milyon oubyen pi plis chak ane. Men dapre rapò ke Etid Binational sou Migrasyon ak komisyon gouvènman peyi Meksik e Etazini, kantite-a pa ane ka pre prè 105,000 - sèlman yon dizyèm de kantite ke Buchanan di-a.

Istwa: Imigran yo retire travay nan menm travayè Ameriken yo

Fè reyèl: Anpil moun ki fò nan zafè ekonomi te etidye relasyon ant imigrasyon e biwo travay nan peyi Etazini rapòte ke imigran yo kreye plis travay ke yo pran. Yo realize sa ak fòme nouvo biznis, ogmante pwodiktivite de kèk biznis ki te gentan etabli, investi e depanse lajan nan machandiz. An 1994, yon etid ke moun ki ap fè rechèch nan Inivèsite Ohio, pa ekzanp, pat jwenn okenn rapò inpòtan sou relasyon ant imigrasyon e biwo pou moun ki pat travay la. Si tout fwa ta gen yon relasyon, li te ka parèt negatif: Plis imigrasyon se mwens moun ki san travay. Etid ke Rand Corporation, Council of Economic Advisors, National Research Council e Urban Institut, epi tout vin konkli ke imigran yo pa gen okenn move efè sou kantite lajan ak travay pou pèp Ameriken.

Istwa: Imigran yo Domaje Sèvis Sosyal yo:

Verite: Urban Institut te rive a konkliyon ke imigran peye plis taks ke lajan ki depanse pou yo nan sèvis sosyal. Sa fèt konsa paske moun sa yo kwake yo pa gen bon papye travay ki rann yo pa eligib pou anpil èd Federal toujou peye sosyal sekirite avèk inkòm taks ke yo retire nan chèk travay yo. An realite, Imigran yo peye plis lajan nan taks chak ane ke yo resevwa nan benefis wèlfè.

Kòm rezilta, yon komantatè te di “Yon granmoun ki depann de èd Sosyal Sekirite ki abite nan Kentucky endirèrètman touche lajan sa paske genyen yon imigran ki ap lave asyèt nan yon restoran deliks nan peyi Santa Monica..” Yon lòt kòmantatè ki pa tró lontan de sa te propoze ke meyè solisyon pou kriz Sosyal Sekirite a pou granmoun se pou ankouraje refije yo rantre nan peyi isit pou kreye moun ki deja gen laj pou travay e ki va kòmanse travay imediatman e ki va peye Sosial Sekirite.

PWOBLEM SOU FONTIYE A

Gwo pouvwa ke biwo Imigrasyon genyen pou retounen moun depi sou fontyè-a te kondwi sou yon long istwa ki fè ront pou wè jan gouvènman ap itilize violans kont gason, fanm ak ti moun ki sèl krim ke yo komèt se eseye rantre nan peyi Etazini an pasan pa Meksiko.

Anpil fwa pa gen rezon pou violans la. Se trè komen ke yo anregistre ka ke agent patról Imigrasyon ap bat, arase seksiyèlman, menm tire sitwayen Meksiken ki pa gen zam nan men yo. Eksperians Juanita Gomez la te youn ki inik, pa gen tankou-l. Nan lane 1993, fanm 22 zan sa-a te travèse fontyè

a pou achte nan bó fontiyè peyi Etazini-a. Yon ajan Imigrasyon te kidnape Gomez nan yon machin ofisyèl peyi Etazini, epi viole-l. Nan lane 1994, yon lòt ajan Imigrasyon te maltrete Mario Fernandez, 37 tan, nan bó fontiyè Mexico-California. Avèk men li mare, yo jete-l atè, bay kout pyie nan bouch li, epi apre refize mennen li wè doktè pandan 2 jou san yo ke yo kenbe-l nan prizon an. Apre sa li te oblije fè 3 operasyon nan bouch li pou repare machwè-l ki te vin fè enfeksyon. Sityasyon sa yo ak anpil lòt te fè anpil je vin louvri sou Dwa Moun e rele sityasyon sou fontiyè-a “ Pi gwo pwoblèm abi polis nan peyi-a”

PREKOSYON

Anpil fwa moze zak violans ke ajan polis Imigrasyon sa yo ap fè rete san pinisyon. Ajan patwòl sa yo kap abize moun sou fontiyè a pa janm vrèman pran responsablite pou zak yo menm lè gen anpil moun ki pote plent kont yo. Lè moun al pote plent, anpil fwa yo pa okipe yo, oubyen ti investigasyon san inpòtans ke yo blye yon ti tan apre.

Violans sa pa imen. Polis ki travay sou fontiyè-a fèk adopte yon taktik, se operasyon veye baryè-a, pou chache dekouraje refijye pase nan rout ke yo konn abitye pase. Malgre ke kèk fanatik ki kont imigrasyon tap aplodi siksè ke Operasyon Enclosures Veye Baryè genyen sou kontrol fontiyè-a. Kantite moun ki peye avèk vi yo ro anpil: Nan premye dis (10) mwa nan lane 1997 la sèlman pi plis ke 72 moun mouri nan eseye travèse fontiyè –a an pasan pa montay Tecate ki trè ro a pe prè 5,000-pye oubyen an pasan pa dezè imperial ki fè cho anpil jiska 120 degre.

ACLU ansanm avèk lòt group kap defan dwa moun ak dwa imigran gen anpil tan depi yap diskite pou wè si gouvènman te ka fè yon fason pou dekouraje tout violans kraze zo ak abi kap fèt sou fontiyè a.

DWA IMIGRAN YO

Nan desizyon kap mezire pou pase depi pi plis ke yon siyèk, la Kou Siprèm nan peyi Etazini deklare ke garanti ke Konstitisyon an bay la aplike pou tout moun ki a kote fontiyè peyi Etazini “men pou sila yo ki ilegal nan peyi ya.” Tribinal la te di ke men lè ke gouvènman federal itilize ti pouvwa ke li genyen pou sipèviz moun kap antre nan peyi ya, li ka itilize menm pouvwa sa pou fè dikriminasyon sou baz bay moun ilegal yon lòt estati. Sa ta vle di ke, gouvènman gen pouvwa pou deside ki moun li vle kite rantre isit epi nan ki sikonstans. Depi ke moun nan isit, menm san dokiman imigran gen dwa pou pale libreman, dwa pou chwazi relijyon li vle, dwa pou respekte intimite moun, de tout lòt dwa ke moun ki imigran ap jwi.

Paske imigran pa gen dwa antre nan peyi Etazini, konsa tout moun ki pa gen papye legal sijè a depòtasyon. Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon (INS) gen otorite pou pou poze kesyon “ a ninpòt moun yo panse ki ilegal avèk ki dwa ke li genyen pou li rete nan peyi Etazini.” Men nan ka 1903 ki te rele Yamataya v. Fisher, La Kou Siprèm nan peyi Etazini te deside ke INS pat gen dwa depòte yon moun san li pa parèt devan jij. Depi lè sa, metòd legal pou imigran ki pa gen papye a vin pran yon lòt dimansyon tèlman ke jodi-a, an depi de tout efò ke Kongrè ap fè pou koupe dwa sa yo, preske tout moun ki sou lis pou depòtasyon gen dwa a :

- Yon jijman devan yon jij imigrasyon e nan anpil ka revize pa tribinal federal;
- Repezantasyon pa yon Avoka (men, se pa gouvènman kap peye-l);
- Tan ki rezonab pou konnen de ki sa yo akize, epi lè ak ki kote jijman ap fèt;
- Bon entèpretasyon pou imigran ki pa pale Anglè, e
- Prè ki klè e ki ka pwove ke rezon gouvènman genyen pou depòtasyon an valid.

A LA RECHÈCH DE AZIL

Chak ane, gason, fanm ak ti moun vini sou dlo peyi Etazini pou chache refij de pèsèkasyon politik e sosyal. Etazini plase anba legal obligasyon devan lwa nasyonal e entènasyonal pou ouvri pòt li bay tout moun ki ka pwove ke yo vrèman ap pèsèkite yo a koz de ras, relijyon, nasyonalite, opinyon politik ou manm you gwoup sosyal an patikilye. Malgre ke konbyen santèn de milye de refijye politik antre isit depi dezyèm Gè

Mondyal la, gouvènman nou an tró souvan gide pa zafè politik olye de zafè imanité, anpil moun ke nou pa ka menm konte ke Etazini voye retounen nan peyi kote yo t-ap kouri soti kite -a pou yo al jwen yo ankò move tretman, nan prizon, e menm mouri.

Sou Presidan Reagan, zafè azil la vin tounen yon koze politik nèt ale. Nan lane 1980 yo, gouvènman refize bay azil a 97% aplikasyon pou azil politik moun peyi Salvador e 99% aplikasyon moun peyi Guatemala, malgre te gen prè ke la gè sivil nan tou le de peyi sa yo. Nan menm lè sa, gouvènman kòm si de ryan etè ap apwove preske tout aplikasyon moun ki soti nan peyi ke administrasyon Reagan pa dakò ak yo, peyi tankou Nicaragua e Cuba. ACLU ak anpil lòt òganizasyon relijyez, e dwa sivil te denonse diskriminasyon ki tap fèt nan fason ke gouvènman tap regle azil la lè yo te rele gouvènman nan tribinal. Finalman, gouvènman te vin dakò pou rele 240,000 moun peyi Salvador ak Guatemala nan jijman sou ka azil yo.

Nan kòmansman, tribinal federal yo te anpeche voye imigran aysiyen yo retounen, men apre La Kou Siprèm vin deside ke lwa Etazini pou refijye pa aplike pou aktivite gouvènman sou dlo entènasyonal. Men, yo vin deside pran tan pou pase imigran yo intèviou a koz de rezilta jijman e refijye Aysiyen yo ke yo te genbe nan baz Guantanamo a pou anpil tan te jwen libète lè tribinal la te pase lòd pou lage yo epi ba yo pèmision pou antre Ozetazini. An 1994, yon fòs militè entènasyonal, anba lòd Nasyon Zini te fè Prezidan Aristide retounen sou pouvwa ankò.

Lwa imigrasyon e kont teroris 1996 la ke Kongrè te pase an 1996 la te toutafè kontré pou refijye. Anba lwa Imigrasyon, defi a move tretman diskriminasyon refijye Salvador ak Guatemala yo tap inposib jodi-a paske kalite jijman sa ki te fèt la e ki rele (class action lawsuit) pa ka fèt ankò nan peyi isit paske yo defann sa kounye-a. Epi pou la premye fwa nan istwa peyi sa-a ke gouvènman ka depòte yon moun san okenn tribinal federal pa revize ód depòtasyon an. Lwa kont teroris bay gouvènman dwa pou depòte imigran baze sou evidans ke yo pa ka revele paske se yon sekre. Yon jij federal sou zafè evidans sekre sa-a te di: Yon moun ap gen anpil pwoblèm pou jwen yon fason pou pa depòte moun pa erè.....sekre pa bay la men a moun kap chache verite.

KI SA KI PA BON AVEK “ANGLE SE SEL” LWA?

Lwa “Anglè Sèlman”, ki deklare ke anglè dwe sèl lang ofisyèl peyi-a e anpeche anplwye gouvènman asiste e ede moun ki pa pale Anglè, an kontradiksyon avèk dwa Premye Amendman pou kominike avèk oubyen mande gouvènman, e dwa pou egalite. Yo pa nesesè epi kèk fwa menm yon danje pou moun yo e publik la. Aktyèlman ranfòse nan dizwit (18) eta Ozetazini, kèk lwa “Anglè Sèlman” ekri tèlman an grantlèt ke yo anpeche moun ki pa pale Angle benefisye de kèk sèvis gouvènman tankou asistans pou resevwa èd, aplikasyon nan biwo lisans, e edikasyon nan tou de lang yo.

Lwa “Anglè Sèlman” kounye –a baze sou sipozisyon ke imigran ki vini kounye-a de peyi Asie yo e moun ki soti nan peyi ki pale Espayòl pap aprann Anglè si gouvènman pa oblije yo. An realite, majorite imigran ki soti an Asie, ak imigran ki pale espayòl aprann Anglè osivit, si se pa pi vit ke generasyon imigran ki soti an Italie, Russie, e Allemagne ki te vini avan. Anplis de sa, se sèlman 4% nan popilasyon ki pase laj sink (5) an ki pa pale Anglè.

Pwoblèm nan se pa ke imigran pa vle aprann Anglè, men pa gen ase lajan ki disponib pou edikasyon pou yo. Jodi-a, anpil milye imigran nan tout peyi a sou lis ap tan ki lè yo va gen chans ale nan lekòl ki fèt pou granmoun. Lwa Anglè Selman pa fè anyen konstitiv pou ogmante kantite moun ki va pale Anglè, yo sèman ap fè diskriminasyon epi pini moun sa yo ki poko aprann Anglè.

Sous: Etazini/Crossing the Line: Human rights Abuses Along the U.S. Border with Mexico Persist Amid climate of Impunity. Repòte pa Human Rights Watch/Americas, Avril 1995.